# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस के बुलंदसहर जिला के सलेमपुर थान्हा इलाका में एगो सवारी बस आ पिक अप गाड़ी के आमने सामने से भइल टक्करि में दस लोगिन क मउति हो गईल आ सैंतीस जने घाही हो गइलें। घाही लोगिन के इलाज बदे जिला अस्पताल में भर्ती करावल गइल हौ। गंभीराहे घाही लोगिन के मेरठ के मेडिकल कॉलेज में रेफर कइ दिहल गईल हौ। ओहां क जिलाधिकारी सीपी सिंह आ एसपी रोहित मिश्र घटना वाले जगही क आ अस्पताले क दौरा कइ के बचाव अउरि उपचार के इंतिजामि क जायजा लिहलें।

***एक मैक्स पीकप में और बस में सलेमपुर थाने के पास में दुर्घटना घटी है और बहुत ही विभत्स दुर्घटना घटी है और दुर्भाग्यपूर्ण दुर्घटना घटी है। लगभग सैंतीस लोग घायल हुए हैं और जिसमें दस लोगों की बहुत ही असामयिक मृत्यु हुई है। बाकी जो सत्ताइस घायल हैं उनका ईलाज कराया जा रहा है। चार लोगों को हम लोगों ने मेडिकल कालेज मेरठ रेफर किया है। मै और पूरी टीम डाक्टरो की टीम एसएसपी साहब सब लोग यहां है और उनका तत्परता से इलाज कराया जा रहा है। दुर्घटना बहुत ही दुर्भाग्यपूर्ण रही।***

बुलंदशहर के एसपी रोहित मिश्रा बतउलें कि आज भिन्नही करीब साढ़े दस बजे के आसपास इ घटना भइल। दुर्घटना क सिकार लोगि गाजियाबाद के एगो कंपनी में करमचारी रहलें आ रक्षाबंधन खातिर अपने घर जात रहलें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुरघटना पर ढेरे दुख जतावत हर परकार के मददि क निरदेस अधिकरियन के दिहले हवें। आखिरी समाचार मिलले ले मरे वालन क संख्या ग्यारह हो गईल रहे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अयोध्या के आचार्य नरेंद्र देव कृषि विश्वविद्यालय में वृहद रोजगार मेला आ युवा सम्मेलन का सुरुआत कइलें। उंहा के येह मौका पर तीस करोड़ रुपिया के लागति के अलगि अलगि परियोजनन क लोकार्पण आ अड़तालीस करोड़ रुपये लागति के अलगि अलगि परियोजनन के नेई धइलें। सथहीं स्वामी विवेकानंद युवा सशक्तिकरण योजना के तहत तीन हजार चार सौ पनरह छात्र आ छात्रा के टैबलेट भी बंटलें। कार्यक्रम के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि गरीबी उन्मूलन, नौजवानन के आत्मनिर्भर बनावल, अन्नदाता किसान क समरिद्धि आ महिला लोगिन क ससक्तिकरण शासन क प्राथमिकता हउवे। आयोजन के बादे एगो सोशल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलीं कि प्रदेस के नौजवानन के नोकरी आ रोजगार मिले, उनकरे कौसल क विकास हो आ ऊ तकनीकी तौर पर मजबूत बनी सकें, एकरे बदे डबल इंजन क सरकार लगतारे कोसिस कइ रहलि हौ।

**********

स्वास्थ्यकरमी लोगिन क सुरक्षा सुनिश्चित करे बदे उपाय बतवले खातिर केंद्र सरकार एगो समिति क गठन करी। सरकार रेजिडेंट डॉक्टर्स संघ के संगठन, भारतीय चिकित्सा संघ आ स्वास्थ्य संबंधी अउरियो पक्षन क चिंता के बादे ई फैसिला कइले हौ। केंद्र सरकार येह मामिला में राज्यन से भी समिति के सुझाव देहले क अनुरोध कइले हौ।

येहसे पहिले सुक्क के सरकार एगो अधिसूचना जारी कइ के अस्पतालन के निरदेस दिहले रहे कि उ स्वास्थ्यकरमियन के खिलाफ कौउनो प्रकार के हिंसा के मामिला में छह घंटा के भीत्तर रिपोर्ट दरज करावें। कोलकता के आरजी मेडिकल कॉलेज में एगो डॉक्टर के साथे दुस्करम आ हत्या के मामिला के बादे देस भर में हो रहल आंदोलन के देखत सरकार इ पहल कइले हौ।

येह बिच्चे, भारतीय चिकित्सा संघ आईएमए पश्चिम बंगाल के आरजी कर मेडिकल कॉलेज के मामिला में प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी से स्वास्थ्यकरमियन के सुरक्षा बदे केंद्रीय कानून बनवले क मांग कइले हौ। आईएमए कहलस कि अस्पतालन के सुरक्षा इंतिजामि हवाई अड्डन जइसन चाक चौबंद होखे के चाहीं।

**********

प्रदेस सरकार में उर्जा आ नगर विकास मंत्री एके शर्मा आजु मऊ जिला के ओद्योगिक पार्क क निरीक्षण कइलें। उहां के बतउलीं कि येह पार्क में करीब पांच सौ ओद्योगिक इकाई स्थापित कइल जइहैं, जेकरे मददि से लाखो लोगि रोजगार से जुड़ि सकिहें। पछलि तीस बरिस से बन्न पड़लि परदहां कॉटन मिल के करीब चौरासी एकड़ जमीनी पर ई पार्क बने वाला हौ।

**********

रक्षाबंधन पर येहू बेरि आजु राति से ओन्तिस अगस्त के राति ले रोडवेज बसन क मुफ्त सेवा महिला लोगिन के दिहल जाई। येही क्रम में लखनऊ से छोटि छोटि सहरन के बिच्चे दुई सौ से बेसी अतिरिक्त बसन क संचालन कईल जाई। क्षेत्रीय प्रबंधन सज्जो सहायक क्षेत्रीय प्रबंधकन के एकरे बदे दिसा निर्देस जारी कई दिहले हवें।

**********

कजरी विधा क जानल मानल लोकगायिका पद्म श्री अजिता श्रीवास्तव क अंतिम संस्कार जिला प्रसासन, कलाकारन आ कई गो गणमान्य लोगिन के मौजूदगी में मिर्जापुर जिला के चौबे घाट पर आजु कइल गइल। उनकर काल्हि संझा के सरगबास हो गइल रहे। ऊ सत्तर बरिस क रहलीं आ लमहर समय से बीमार चलत रहतीं।

**********